


©Jason Miczek Photo

Ede Pitit ou Gen Siksè Lekòl: Bati Bònne Abitid Prezans Bonè

ÈSKE OU KONNEN?

- Komanse depi lekòl matenèl ak kindegaden, twop jou absans ka koze ke timoun yo ka vin rete deye lekòl.
- Manke 10%, oubyen apepre 2 jou chak mwa pandan ane skolè lan, ka fè li plis difisil pou apran li.
- Elèv ka tonbe an reta si yo ta selman manke youn a de jou chak kelke semen.
- Anreta lekòl ka menen a movèz prezans.
- Absans ak anreta ka afekte tout sal klas lan si pwofesè a oblige ralanti nan bay lesoun an pou ede timoun yo ratrapiyo.

Ale lekòl chak jou ede timoun yo santi yo byen konsenan lekòl—ak tèt yo tou. Komanse bati bònne abitid depi nan lekòl matenèl pou ke yo ka komanse apran touswit ke ale lekòl a lè chak jou enpòtan. Evantyèlman bònne prezans pral vin yon kalite ki pral ede yo gen siksè nan klas segondè ak kolèj.

KISA OU KA FÈ

- Mete yon lè pou timoun lan al domi ak leve le matin.
- Tou prepare rad li ak pare sak lekòl lan lavèy.
- Chèche konen sou ki jou lekòl ap komanse ak asire ke pitit ou gen vaksin nesesè yo.
- Entwodwi pitit ou a pwofesè yo ak kamarad klas li yo avan ke lekòl la komanse.
- Devlope plan bakòp pou menen I lekòl si ta gen yon pwoblèm ki rive. Rele yon fanmi, vwazen, oswa yon lòt paran. Evite randevou medikal ak vakans long pandan ke timoun lan nan sesyon lekòl.
- Sonje ke plent vant fè mal oswa mal tèt ka sign enkyetid è pa yon rezon pou rete nan kay lan. Si pitit ou parèt ke li enkye pou li ale lekòl pale ak pwofesè yo, konseye lekòl yo, oswa lòt paran yo pou konsèy sou kijan pou fè pitit ou senti li senèsòf ak kontan pou apran.
- Si pitit ou oblige rete lakay li poutèt li malad, mande pwofesè a pou resous ak lide pou li ka kontinye apran pandan li lakay li.

Kilè Absans Vini yon Pwooblèm?



ABSANS GRAV
18 oswa plis jou

SIGN AVETISMAN
10 a 17 jou

SATISFEZAN
9 oswa mwens absans

Nòt: Nimewo sa yo baze sou yon ane akademik de 180 jou lekòl.